**Муниципально казенное общеобразовательное учреждение**

**«Сивухская средняя общеобразовательная школа»**

**Хасавюртовского района Р.Д.**

Согласовано:
Заместитель директора
по УВР
Нуцнев С.А.__________
31.08.2023 г.

Утверждаю:
Директор МКОУ
«Сивухская СОШ»
Набиев Н.Х.
Приказ №_67___
от 1.09.2023

# Рабочая программа по родному языку

# 10-11 класс

**Расулова А.И - учитель родного языка**

**Аннотация к рабочей программе по родному языку.**

**Класс:10-11кл.**

Уровень изучения учебного материала :базовый.

УМК-т1ехь

Авар мац1алъул х1алт1ул программа г1уц1ун буго хадур къурал документазда рекъон:

Х1алт1ул программа г1уц1ун буго гьоркьохъеб школалъул авар мац1алъул программаялъул кьоч1одалъун.

Авар мац1алъул программа х1адур гьабуна Г1.Г1. Тахо-Годил ц1аралда бугеб Дагъистаналъул г1елмиябгин ц1ех-рехалъул педагогикияб институталъул ц1аразул секторалъ

Программа г1уц1ана Вакилов Х1.С. Х1амзатов А.Гь.

Дагъистан Республикаялъул Лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министерствоялъ тасдикъ гьабуна.

Мах1ачхъала НИИ педагогикаялъул издательство.

Т1ехь:Х1амзатов. Авар мац1 6-7 класс.

**Саг1тазул къадар: 35.**

Аслиял разделал(темаби).

- Мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал баянал
- Стилистика ва каламалъул культура
- Лексикология
- Фразеология
- Бит1унаби (орфоэпия) ва интонация
- Графика , бит1унхъвай ва пунктуация
- Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин
- Предметияб ц1ар
- Прилагательное
- Рик1к1ен
- Ц1арубак1
- Глагол
- Наречие
- Союзал
- Частицаби
- Хадурег1ел
- Междометиял

10-11 классазда авар мац1 малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари

**Программаялъе баян.**

Авар мац1алъул х1алт1ул программа г1уц1ун буго хадур кьурал документазда рекъон:

1. Х1алт1ул программа г1уц1ун буго гьоркьохъеб школалъул авар мац1алъул программалъул кьоч1одалъун.
2. МКОУ «Сивухъ т1олго лъай кьеялъул школалъул»2023-2024 ц1алул соналде г1уц1араб №1 ц1алул программаялда рекъон.
3. МКОУ «Сивухъ т1олго лъай кьеялъул школалъул» аслияб ц1алул программаялда рекъон
4. 2023-2024 ц1алул соназ т1олго лъай кьеялъул школазда программаялъул т1алабалда рекъон лъай кьезе жидедаса пайда босизе рихьизарурал т1ахьазул кумекалдалъун
5. Авар мац1алъул программа х1адур гьабуна Г1.Г1. Тахо-Годил ц1аралда бугеб Дагъистаналъул г1елмиябгин ц1ех-рехалъул педагогикияб институталъул ц1аразул секторалъ.
6. Программа г1уц1ана Вакилов Х1.С. Х1амзатов А.Гъ.

Дагъистан Республикаялъул лъай кьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабуна.
Мах1ачхъала НИИ педагогикаялъул издательство.

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачун.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

## V-XI классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

### Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари.

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.

3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар.

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Раг1и | Диктант<br>Раг1и | Раг1и | Т1анч1ил гьумер | Раг1и |
| V | 80-90 | 10-15 | 90 - 100 | 0.5-1 | 100 - 140 |
| VI | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1.5 | 140 - 180 |
| VII | 100-120 | 20-25 | 140 | 1.5-2 | 180 - 220 |
| VIII | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2.5 | 240 - 300 |
| IX | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300 - 400 |
| 10-11 | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300 - 400 |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

**Авар мацlалъе къиматал лъезе чlезарурал нормаби.**

**1. Кlалзул жавабалъе къимат кьолеб куц.**

«5» къимат лъола, мух1канго, г1ураб гъварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.

«3» къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

«2» къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.

**Диктантазе къимат лъолеб куц.**

«5» Къимат лъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.

«4»къимат лъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1 бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 биччараб диктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат1 батаниги лъезе бегьула «4» къимат.

«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

«2»ъимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.

**Грамматикиял тlадкъаял тlуразариялъе къимат лъолеб куц**

«5» къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.
«4» къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.
«3» къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.
«2» къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

**10 класс (35 саґlат)**

**2– контролияб диктант**
**4 – калам цебетlезаби**

| № | ТЕМАБИ | Саґlат |
|---|---|---|
| 1 | Мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал баянал. | 1 |
| 2 | Стилистика ва каламалъул бут1аби | 2 |
| 3 | Лексикология | 2 |
| 4 | Фразеология | 1 |
| 5 | Бит1ун аби(орфоэпия) ва интонация. | 2 |
| 6 | Графика,бит1унхъвай ва пунктуация. | 2 |
| 7 | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин. | 1 |
| 8 | Предметияб ц1ар | 2 |
| 9 | Прилагательное | 2 |
| 10 | Рик1к1ен | 2 |
| 11 | Ц1арубак1 | 2 |
| 12 | Глагол | 4 |
| 13 | Наречие | 2 |
| 14 | Союзал | 1 |
| 15 | Частицаби | 1 |
| 16 | Хадурег1ел | 1 |
| 17 | Междометие | 1 |
| Итого | | 35 |

**Тематикияб план**

| Дата | Что пройдено | Наглядный материал | Домашнее задание |
|---|---|---|---|
| | Авар мац1алъул х1акъалъулъ баянал | | § 1 х1.3 |
| | Стилистика | | § 2 х1. 2 |
| | Каламалъул культура | | |
| | **Контролияб диктант** | **Диктантазул мажмуг1** | |
| | Лексика ва лексикология | | § 4 х1.5 |
| | Авар литературияб мац1алде чияр мац1алдаса рач1арал раг1аби | | § 5 х1.5 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Фразеология | Аварско-русский фразеологический словарь | § 6 х1. 1 |
| | Бит1ун аби (орфоэпия) | | х1. 4 |
| | **Контролияб изложение** | **Изложениязул мажмуг1** | |
| | Интонация логикияб ударение | | § 8 х1.3 |
| | Графика | | § 31 5 класс |
| | Пунктуация ва бит1унхъвай | | |
| | Раг1ул г1уц1и ва раг1ул лъугьин | | § 7-9 6 класс |
| | **Сочинение** | **Сюжеталъул сурат** | |
| | **Контролияб диктант** | **Диктантазул мажмуг1** | |
| | Предметияб ц1ар | Карточкаби | х1. 5 |
| | Предметияб ц1ар лъугьин ва гьелъул бит1унхъвай | | х1. 2 |
| | Прилогательное ва гьелъул грамматикиял г1аламатал | Карточкаби | х1. 3 |
| | Прилогательноязул бит1унхъвай | | х1. 5 |
| | Рик1к1ен. Г1уц1иялде балагьун рик1к1ен | Карточкаби | х1. 3 |
| | Рик1к1еналъул бит1унхъвай | Таблица | х1.1 |
| | Ц1арубак1ал | Карточкаби | х1.2 |
| | Ц1арубак1азул бит1унхъвай | | х1.3 |
| | Глагол | | х1.4 |
| | Глаголазул бит1унхъвай | | х1.1 |
| | Причастие ва гьеб лъугьин | Таблица | х1.3 |
| | Деепричастие ва гьелъул лъугьин | | х1.2 |
| | Наречие ва гьелъул грамматикиял г1аламатал | | х1.1 |
| | Наречие | Таблица | х15. |
| | **Калам цебе т1езаби** | **Сюжеталъул сурат** | |
| | Союзал | Таблица | х1.4 |
| | Частицаби | | х1.3 |
| | Хадурег1ел | | х1.4 |
| | Междометие | Карточкаби | х1.5 |
| | **Контролияб диктант** | **Диктантазул мажмуг1** | |

**10-11 классазда авар мац1 малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари.**

# Аннотация к рабочей программе по родному языку

**Класс:11**
Уровень изучения учебного материала:базовый.
УМК-т1ехь
Х1алт1ул программа г1уц1ун буго гьоркьохъеб Лъайкьеялъул программаялъул кьоч1одалъун.

2023-24 ц1алул соназ т1олго лъайкьеялъул школалда программаялъул т1алабалда рекъон лъай кьезе,жидедаса пайда босизе рихьизарурал т1ахьазул кумекалдалъун

Авар мац1алъул программа х1адур гьабуна Г1.Г1. Тахо-Годил ц1аралда бугеб Дагъистаналъул г1елмиябгин ц1ех-рехалъул педагогикияб институталъул ц1аразул секторалъ
Программа г1уц1ана Вакилов Х1.С. Х1амзатов А.Гь.
Дагъистан Республикаялъул Лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабуна.
Мах1ачхъала НИИ педагогикаялъул издательство.
Т1ехь: М.М Муртазаг1алиев «Авар мац1 8-9 класс»

**Саг1тазул къадар: 34.**
Аслиял разделал(темаби).

1. Раг1абазул дандраял ва предложение
2. Бет1ерал ва бет1ерал гурел членал
3. Тайпа цоял членал
4. Хит1аб, гьоркьор кколел раг1аби ва междометиял
5. Бит1араб ва хъвалсараб калам
6. Жубараб предложение
7. Жубараб сок1к1араб предложение
8. Журарал нахърилълъарал предложениял
9. Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб предложение
10. Союзал гьеч1ел журарал предложениял

10-11 классазда авар мац1 малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари

**Программаялъе баян.**

Авар мац1алъул х1алт1ул программа г1уц1ун буго хадур кьурал документазда рекъон:

7. Х1алт1ул программа г1уц1ун буго гьоркьохъеб школалъул авар мац1алъул программаялъул кьоч1одалъун.
8. МКОУ «Сивухъ т1олго лъай кьеялъул школалъул»2022-2023 ц1алул соналде г1уц1араб №1 ц1алул программаялда рекъон.
9. МКОУ «Сивухъ т1олго лъай кьеялъул школалъул» аслияб ц1алул программаялда рекъон
10. 2022-2023 ц1алул соназ т1олго лъай кьеялъул школазда программаялъул т1алабалда рекъон лъай кьезе жидедаса пайда босизе рихьизарурал т1ахьазул кумекалдалъун
11. Авар мац1алъул программа х1адур гьабуна Г1.Г1. Тахо-Годил ц1аралда бугеб Дагъистаналъул г1елмиябгин ц1ех-рехалъул педагогикияб институталъул ц1аразул сектораль.
12. Программа г1уц1ана Вакилов Х1.С. Х1амзатов А.Гь.

Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмияб министерствоялъ тасдикъ гьабуна.

Мах1ачхъала НИИ педагогикаялъул издательство.

Жакъасеб школалда т1адаб борч ккола г1ун бач1унеб г1елалъе гъваридаб ва щулияб г1елмияб лъай кьей, гьеб жидер практикаялъулъ х1алт1изабизе ругьун гьари, дунялалдехун материалистияб бербалагьи лъугьинаби.

Гьеб масъала г1умруялде бахъинабиялъулъ к1удияб бак1 ккола рахьдал мац1алъ.

Миллиял школазда рахьдал мац1 малъиялъул аслияб мурад буго бац1ц1адаб литературияб мац1алда жидерго пикру эркенго загьир гьабизе ц1алдохъаби ругьун гьари (бицунги, хъванги),

Мац1 берцин гьабулеб алаталдаса пайда боси, миллияб художествияб ва г1елмияб литература ц1али ва бич1ч1и.

Авар литературияб мац1алъул кьуч1 ккола болмац1, амма литературияб мац1 бечелъизе к1вар бугеб маг1данлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мац1азго г1адин авар мац1алъги г1аммаб куцалда т1олго маг1арулазул рух1ияб бечелъи жанибе бачуна.

**Школалда авар мац1 малъиялда цереч1арал масъалаби**

Авар мац1 школалда лъазабиялда цереч1арал масъалабилъун ккола: ц1алдохъабазул к1алзул ва хъвавул калам цебет1езаби, пасих1го ц1али камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мац1 малъиялъул мурад буго: ц1алдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, раг1и лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул х1акъалъулъ лъай щвей, жамг1ияб г1умруялда жаниб гьелъул к1варалъул х1акъалъулъ баянал кьей, бит1унхъваялъул ва лъалхъул ишараби камиллъизари, лъималазул раг1ул нахърател бечелъизаби.

**V-IX классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и**

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 5-9 классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе, бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

**Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари.**

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинenияздалъун.

2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.

3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари.

Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола.

Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар.

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Раг1и | Диктант Раг1и | Раг1и | Т1анч1ил гьумер | Раг1и |
| **V** | **80-90** | **10-15** | **90 - 100** | **0.5-1** | **100 - 140** |
| **VI** | **90-100** | **15-20** | **120** | **1-1.5** | **140 - 180** |
| **VII** | **100-120** | **20-25** | **140** | **1.5-2** | **180 - 220** |
| **VIII** | **120-130** | **25-30** | **160** | **2-2.5** | **240 - 300** |
| **IX** | **130-140** | **30-35** | **180** | **2.5-3.5** | **300 - 400** |
| **10-11** | **130-140** | **30-35** | **180** | **2.5-3.5** | **300 - 400** |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

**Авар мацIалъе къиматал лъезе чIезарурал нормаби.**

1. **КIалзул жавабалъе къимат кьолеб куц.**

**«5»** къимат лъола, мух1канго, г1ураб гъварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

**«4»** къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.

**«3»** къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

**«2»** къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.

**Диктантазе къимат лъолеб куц.**

**«5»** Къимат лъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ **биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.**

**«4»** къимат лъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1 бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 биччараб диктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат1 батаниги лъезе бегьула «4» къимат.

**«3»** къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

**«2»** къимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.

**Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе къимат лъолеб куц**

**«5»** къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.
**«4»** къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.
**«3»** къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.
**«2»** къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

**11 класс (34 сагlат)**

**2– контролияб диктант**

**4– калам цебетlезаби**

| № | ТЕМАБИ | Сагlат |
|---|---|---|
| **1** | **Раг1абазул дандраял ва предложение** | **4** |
| **2** | **Бет1ерал ва бет1ерал гурел членал** | **4** |
| **3** | **Тайпа цоял членал** | **2** |
| **4** | **Хит1аб, гьоркьор кколел раг1аби ва междометие** | **3** |
| **5** | **Бит1араб ва хъвалсараб калам** | **2** |
| **5** | **Жубараб предложение** | **1** |
| **6** | **Жубараб сок1к1араб предложение** | **2** |
| **7** | **Журарал нахърилълъарал предложениял** | **4** |
| **8** | **Цо чанго т1ад жубарабгун бугеб жубараб предложение** | **3** |
| **9** | **Союзал гьеч1ел журарал предложениял** | **3** |

**Тематикияб план**

| Дата | Что пройдено | Наглядный материал | Домашнее задание |
|---|---|---|---|
| | Раг1абазул дандраял ва предложениял, гьезда гьоркьоб бат1алъи. | Таблица | Упр .21 §5. |
| | Раг1абазул дандраязульги предложениязульги раг1абазул бухьен . | Таблица | Упр. 25 §5. |
| | Раг1абазул дандраязулъ ва предложениязулъ раг1абазул тартиб. Логикияб «маг1наялъулаб ударение» | Карточкаби | Упр. 29 §7-8. |
| | Предложение. | | Составить предложения |
| | **Контролияб диктант** | **Диктантазул мажмуг1** | |
| | Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал. | Карточкаби | Упр .46 §11 |
| | Ц1арулаб ва глаголияб составияб сказуемое | | Упр . 58 §14 |
| | Предложениялъул б ет1ера л гурел членал | Таблица | Упр. 71 §17 |
| | Рат1алъизарурал членалгун предложениял | Таблица | Упр. 150 §37 |
| | **Контролияб сочинение** | **Сюжеталъул сурат** | |
| | Тайпа цоял членалгун предложения | | Упр. 114 §30 |
| | Тайпа цоял членалгун г1аммлъул раг1аби х1алт1изари ва лъалхъул | | Составить |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | ишараби лъезе лъимал ругьун гьари | | предложения. |
| | **Контролияб изложение** | **Изложениязул мажмуг1** | |
| | Обращение | Карточкаби | Упр .133 §34 |
| | Гьоркьор кколел раг1аби ва предложениял | Таблица | Упр. 141 §35 |
| | Междометиял раг1аби предложениял | | §36. |
| | Бит1араб ва хъвалсараб каламгун предложениял | | |
| | Бит1араб ва хъвалсараб каламгун предложениял | | |
| | Жубараб предложение | Карточкаби | Упр. 174 §45 |
| | Жубараб сок1к1араб предложение | | Упр. 175 §45 |
| | Журарал сок1к1арал предложениязулъ лъалхъул ишараби | Карточкаби | Упр. 183 §47. |
| | **Контролияб диктант** | **Диктантазул мажмуг1** | |
| | Нахърилълъиналъул раг1абигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | | Упр. 190 §50 |
| | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого журарал нахърилълъарал предложениял | | Упр. 193 §52 |
| | Журарал нахърилълъарал предложениязулъ лъалхъул ишараби | Карточкаби | Упр. 191 §51 |
| | Журарал нахърилълъарал предложениязул тайпаби. | | Упр.197 §53. |
| | **Контролияб изложение** | **Изложениязул мажмуг1** | |
| | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение | Таблица | Упр. 224 §63 |
| | Сок1к1иналъулги нахъбилълъиналъулги бухьен жиндилъ бугеб жубараб предложение | Таблица | Составить предложения. |
| | Т1адехун рехсарал предложениязул тайпаби каламалъулъ х1алт1изаризе ва гьезулъ ишараби лъезе лъимал ругьун гьари | | Составить предложения. |
| | Союзал гьеч1ел журарал предложениял | | Упр. 180 §46 |
| | Союзал гьеч1ел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби | | §47 х1. 183 |
| | Союзал гьеч1ел журарал предложениял каламалъулъ х1алт1изаризеги гьел интанацияги ц1унун , ц1ализе ругьун гьари | Таблица | Упр.186 §49 |
| | **Контролияб сочинение** | **Сюжеталъул сурат** | |

**10-11 классазда авар мац1 малъиялъул аслияб масъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугел баянал гъваридго ва г1ат1идго такрар гьари**